# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫ ТАРИЙХЫН ҮЙРЕНИЎДЕ КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТЛАРДЫҢ ОРНЫ

**Н.М.Тлеумуратова** – *аға оқытыўшы*
*Қарақалпақстан Республикасы ХБХҚТҚА аймақлық орайы*

**Таянч сўзлар:** тарихий-бадиий адабиётлар, жонли тасаввур, оғзаки ижодиёт асарлари, беллетристика, маънавий ривожланиш.

**Ключевые слова:** историко-художественная литература, живое воображение, произведения устного творчества, беллетристика, духовное развитие.

**Key words:** historical and fictional literature, live imagination, folk literary works, fiction, spiritual development.

Оқыўшы-жасларды тарийхый өтмиш пенен таныстырыўдың әҳмийетли дереклериниң бири бул көркем әдебият болып табылады. Бул - мектеп оқыўшыларын әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық жақтан тәрбиялаўдың ең нәтийжели қуралларынан бири болып есапланады. Көркем образлар жүдә жарқын, сезимталлы, терең, исенимли болады, мине усы нәрселер тарийхый өтмишти сәўлелендириўди аңсатластырады. Тарийх сабақларында когнитив бағдары өзине тартып атырған көркем образлар жәрдеминде күшейеди, бул болса оқытыўшыға теманың идеялық мазмунын оқыўшылар санасына түсиникли етип жеткерип бериўге имканият жаратады. Соны да айтып өтиў орынлы, көркем әдебиятлар үйренилип атырған тарийхый материалды мектеп оқыўшылары санасына да және де толығырақ беккемлеўге жәрдем береди. Көркем текстлерден пайдаланғанда оқыўшыларға да, соның менен бирге өзлериниң педагогикалық шеберлигин арттырып атырған оқытыўшыларға да пайдалы болады. Көркем әдебиятларды оқыўға болған қызығыўшылық, әлбетте тарийхты өзбетинше үйрениўге де қызығыўшылық оятады [1:3-6].

Тарийхый-көркем әдебиятлар тарийхый процесслерди өзлестириўде әҳмийетли фактор болып, тарийхый-көркем әдебиятлардан тарийх сабақларында пайдаланғанда оқыўшылардың психологиялық, жас өзгешеликлерин есапқа алыў керек. Көркем әдебият образларынан пайдаланыў оқытыўшы баянлаўының көргизбелилигин тәмийинлейди, оны анықластырады, оқыўшылар өтмиш ҳаққында жанлы түрде көз алдына келтиреди. Көркем әдебияттың роли буның менен тоқтамайды. Белгили дәўирдиң жәмийетлик ўақыяларын реал сәўлелендириўши ҳақыйқый көркем образ, типик образлар усы социаллық ўақыяның әҳмийетин сәўлелендиреди. Оқытыўшының баян етиўинде көркем әдебияттан алынған үзиндилер баянның тәсиршең болыўын да тәмийинлейди, үйренилип атырған тарийхый ўақыяларға деген оқыўшыларда жақсылық, заўықланыў, қапа болыў кейпиятларын, жек көриў ҳәм ҳайран қалыў сезимлерин оятады.

Тарийхты оқытыўда пайдаланылатуғын көркем әдебиятларды: 1-үйренилип атырған дәўирдиң әдебий естеликлери ҳәм 2-тарийхый беллетристикалық шығармалардан ибарат еки топарға бөлиў мүмкин. Әдебий естеликлерге тарийхый ўақыяларды өз заманласлары жазып қалдырған шығармалары киреди. Бул топарға кирген шығармалар тарийх пәни ушын өтмиштиң өзине тән дереги болып хызмет етеди [2:22-26].

Көркем әдебият естеликлери жазып алынған аўызеки дөретиўшилик шығармаларын: әпсаналар, дәстанлар, қосықлар, рәўиятлар ҳәм басқаларды өз ишине алады. Бундай шығармалардың жүдә көпшилигинде реаллық қайта-қайта исленген, халық фантазияси менен байытылған ҳәм безетилген болады. Реаллықты объектив түрде сәўлелендирген шығармалар, естеликлер бизге шеким жетип келмеген тәғдирде узақ өтмишти, мәселен әйиемги Хорезм тарийхын жаратыўда мине усындай шығармалардан да сынлы қарастан өткерип пайдаланылады.

Тарийхты оқытыўда көркем әдебияттан пайдаланыў мектеп оқыўшыларын әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық жақтан тәрбиялаўдың нәтийжели қуралларынан бири. Оны заманагөй мектепте қолланыў тийкарғы ҳәм терең дәрежелеринде тарийхты үйрениўдиң ажыралмас бөлеги болып табылады. Мәмлекетлик билимлендириў стандарты мектеп оқыўшыларына көркем шығармалар ҳәм тарийхый дереклер менен ислесиўди үйретиўге үлкен итибар береди, бул болса методикалық жақтан ең әҳмийетлиси болып табылады. Тарийх сабақларында көркем әдебиятлардан пайдаланыўдың тийкарғы мақсети оқыўшыларда эмпатияны раўажландырыў, яғный басқа адамларға дәртлес болыў ҳәм ўақыя қатнасыўшыларының орнына өзин қойып көриў қәбилетин қәлиплестириўден ибарат. Сондай-ақ, әҳмийетли мақсети оқыўшыларда сынлы пикирлеўди раўажландырыў болып табылады.

8-класс Қарақалпақстан тарийхы оқыў бағдарламасынан орын алған «1827-1828-жыллардағы Айдос бий басшылығындағы халық көтерилиси» деген теманы өткенде оқытыўшы көркем әдебиятлардан дерек сыпатында пайдаланыўы орынлы болып табылады. Мысалы, Белгили ағартыўшы, шайыр ҳәм драматург С.Мәжитов халқымыз арасынан көплеген әпсаналарды жазып алған ҳәм оларды баспасөзде жәриялады. Солардың ишинде «Айдос бий менен Маман бий» деген әпсанада еки бийдиң сөйлескенин келтиреди.

*«Қарақалпақ Түркстан жағынан аўып келип, Жаңадәрья деген жерде бир неше жыл ўатан етип бир неше себеплер бойынша оннан да аўып, Хорезмге келипти. Бир топары Орынбай, Маман деген баслықлары билән сол Жаңадәрьяда қалған еди. Қарақалпақлар Хорезмде орналасқаннан кейин ҳүкимет ислери булар қолында болған ўақытлары болып, соңғы Маман Есенгелди мәҳрем, Айдос бий дегенлер баслық болып турғанында қанатлының қағыўын тумсықлының шоқыўын көрмей турған екен.*

*Бир күни Хийўаның ханы билән мәсләҳәтлесип, Жаңадәрьяда қалған ағайинлерин ақылы билән көширип алып қайтыўға Айдос бий барып, келискен, жөн жосағын айтып отырғанда Маман билән Айдостың ортасында мынадай гүрриңлер болыпты.*

*Маман: -«Бийлигиң қай жерге жетеди»?*

*Айдос: -«Жоқарысы Майлы шеңгел, төмени Арал теңизи, еки ортасы қарақалпақ, буған ханның араласы жоқ».*

*Маман:-«Ханға қәдир- қымбатың қандай»?*

*Айдос: -«Ханның еки мәҳрем ўәзири бар. Мен Хийўаға қарай жүрсем, сол еки мәҳрем Қос көпир деген жерден алдымнан шығып күтип алады».*

*Елге қайтарман болсам, және қос көпирге дейин жылаўымда жуўырып шығарып салады.*

*Маман:-«Бул мәртебелерди қайдан не себеплерден болады, деп билесең?»*

*Айдос-«Елимниң көплиги, аўзының бирлиги, ел қорығандай батырларым елдиң сөзин айтатуғын шешенлеримниң салдары. Хийўалының жүрегин суўытып турғаны өзиниң ерлигим, оның үстине».*

*Маман:- «солай болса да, сен бизге көп деп айтпа, қайтып бер.*

*Мәртебең қутлы болсын. Биз усында турсақ ислериң паянлы болар».*

*Айдос:-«Жоқ. Бәримиз бирге болайық, бирлик қылайық. Орынбайға, саған зор дәрежели жарлық алып муҳир алып келдим. Елдиң ҳәзинде, мийнетинде бирге ортақласайық»* [3:64-67]. Бул әпсанада келтирилгениндей, Айдос бий менен Маман бийлердиң биргеликте,

аўызбиршиликте қарақалпақ халқының арасынан шыққан усындай батырлары елди, халықты сыртқы душпанлардан бирге қорғағанлығы ҳаққында мағлыўматлар арқалы оқыўшыларда сол дәўирдеги ўақыялар, ҳәдийселер, процесслер ҳаққындағы идеялары конкретлестириледи. Әпсана мазмун ҳәм көлеми жағынан оқыўшыларға түсиникли ҳәм қызықлы болады.

Соның менен бирге, Қарақалпақстан тарийхы бағдарламасынан орын алған Ерназар бий, Айдос бий басшылығындағы көтерилислердиң келип шығыў себеплерин оқыўшыларға түсиндиргенде көркем әдебиятлардан белгили илимпаз, шайыр Ө.Әлеўовтың «Ерназар Алакөз» атлы қосық пенен жазылған тарийхый романы үлкен әҳмийетке ийе. Бул романда XIX әсирдеги қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысы, Түслик Арал бойы халықларының өз алдына еркин ел болыў ҳәрекетине басшылық еткен Ерназар Алакөз ҳәм оның зәңгилеслериниң батырлық хызметлери сөз етиледи:

*Бас қосысты төрт миллеттиң төрт бийи,*
*Төбе бий деп Ерназарды сөйлетти.*
*Пикир шықты бәршесинен бир қыйлы*
*Еркин ел боп бөлиниўге ой кетти…*[4:34]

Демек, қосық қатарларында төрт миллетиң яғный өзбек, қазақ, түркмен ҳәм қарақалпақлардың бийлериниң ишинен төбе бийи етип Ерназар Алакөзди сайлап, оларға басшылық етиўин, өз алдына «Түслик Арал» ханлығын дүзиўге қарар еткени ҳаққында сәўлеленген. Әлбетте, бундай тарийхый романлар оқыўшыларда белгили бир сезимли тәсирлерин көрсетиўи сөзсиз.

Тарийх сабақларында көркем әдебиятлардан пайдаланыў ушын оны пухта таңлап алыў зәрүр болады. Тарийхшылар ушын көркем әдебияттағы тийкарғы нәрсе – «Заман руўхияты», яғный өтмиштиң «ҳақыйқыйлығы» болыўы ушын картинаның психологиялық исенимлилиги болыўы керек. Көркем әдебияттың усы өзгешелигине тарийхый ҳәм психологиялық изертлеўлер шеңберинде, тарийхый дерек сыпатында пайдаланыў мәселесин көтерген азлы кем тарийхшылар усы өзгешеликлерге итибар қаратқан.

Тарийх пәни оқытыўшылары ушын оқыўшылардың ҳәр қандай дәўир ушын ҳәм тарийхый, ҳәм көркем әдебиятты оқыўы олардың билим қәбилетин раўажландырыўға үлес қосыўы әҳмийетли болып табылады. Тарийх сабақларында ҳәм тарийх пәни оқытыўшысы ушын сабақтан тыс жумысларында көркем әдебияттан пайдаланған ҳалда, оқыўшыларды үйрениўге қызығыўы ҳәм итибарын тартыў әҳмийетли болып табылады.

Көркем әдебиятлардан дерек сыпатында нәтийжели пайдаланыў ушын оқытыўшы фрагментти жақсылап таңлап алыўы керек:

- ол тарийхты оқытыўдың мақсет ҳәм ўазыйпаларына сай келиўи;
- дәўирдиң тийкарғы, ең типик фактлери ҳәм ўақыяларды сәўлелендириўи;
- дәстүрий материаллар менен органикалық түрде байланысқан;
- оқыўшыларға билимге тийисли сораўлар ҳәм тапсырмалар берилиўи ушын тарийхый билимлердиң актуаллығын тәмийинлеўге жәрдем бериўи;
- мазмун ҳәм көлеми жағынан оқыўшыларға түсиникли ҳәм қызықлы болыўы;
- шынығыўларды парықлаўға имкан беретуғын күнделик ҳәм сюжетли деталларын өз ишине алыўы;
- оқыўшылардың белгили ўақыялар, ҳәдийселер, процесслер ҳаққындағы идеяларды конкретлестириўи;
- оларға белгили бир сезимли тәсирлерин көрсетиўи;
- когнитив еркинликти ҳәм қызығыўшылығын раўажландырыўы, ақылый мийнет техникасын жетилистириў ушын әдебий ҳәм илимий хызметлерге, жеткиликли мағлыўматлар қурамына ийе болыўы керек.

Солай етип, көркем әдебият – оқыўшылардың әдеп икрамлылық ҳәм интелектуал жақтан раўажланыў жолларының бири болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Афанасьева О.В. Использование литературных произведений на уроках истории. –Балашов: 2017, -С. 46.
2. Саттарова К.Ч. ва бошқ. Тарих дарсларида тарихий манбалардан, бадиий ва бошқа адабиётлардан фойдаланиш. –Т.: «Ўқитувчи» 2020, №2.
3. Мажитов С. Шығармалары. -Нөкис: 1992, 112-б.
4. Әлеўов Ө. Ерназар Алакөз. Роман. -Нөкис: 2020. 96-б.



**РЕЗЮМЕ**

Бу мақолада қорақалпоқ халқи тарихини ўрганишда бадиий адабиётларнинг ўрни ва ўқувчиларга тарихни ўқитишда бадиий асарлар ва тарихий манбалар билан ишлашнинг муҳимлиги, тарих фани ўқитувчилари учун ўқувчиларнинг ҳар қандай давр учун ҳам тарихий ҳам бадиий адабиётларни ўрганишлари муҳим аҳамиятга эга эканлиги ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье обсуждается роль художественной литературы в изучении истории каракалпакского народа и важность работы с художественными произведениями и историческими источниками, а также важность учителям в изучении учениками как историческую, так и художественную литературу любого периода при преподавании истории.

**SUMMARY**

The article discusses the role of fiction in the study of the history of the Karakalpak people and the importance of working with works of art and historical sources, as well as the importance of teachers in the study of students both historical and fiction literature of any period in teaching history.